



**Lampiran 1**  
**Instrumen Wawancara**

**Intrumen Wawancara**

**Judul Penelitian : Sastra Lisan Mantra dalam Ngujub Kenduri Kematian di Dusun Sumpersari Desa Melaya Kecamatan Melaya**

**A. Aturan Wawancara Penelitian**

1. Wawancara dilakukan kepada pelafal mantra dalam prosesi ngujub kenduri kematian di Dusun Sumpersari Desa Melaya Kecamatan Melaya.
2. Wawancara bersifat terbuka kepada informan.

**B. Identitas Informan**

Nama :  
Usia :  
Pekerjaan :  
Alamat :  
Hari, Tanggal Wawancara :  
Waktu Wawancara :

**C. Pertanyaan Wawancara**

1. *Menurute Bapak, asline ngujub niku nopo?*  
Menurut Bapak, apa makna dari ngujub?
2. *Saktemene, nopo harus lek tiang ninggal dingujubne?*  
Sebenarnya, apakah harus setiap orang meninggal diupacarai ngujub ini?
3. *Genduren tiang ninggal asline wonten pirang dinten? Montro ngujube nopo sami mawon Pak?*  
Ada berapa hari untuk memperingati kenduri orang meninggal?  
Mantra ngujub yanag dibacakan apakah sama?
4. *Lek ajenge ndamel acara genduren, nopo mawon sing disiapke?*

Jika ingin mengadakan acara kenduri, apa saja yang harus dipersiapkan?

5. *Sesajine sing damel ngujub niku nopo mawon sing harus wonten Pak?*  
Apakah ada ketentuan hidangan yang dijadikan simbol pada saat pembacaan mantra ngujub?
6. *Saktemene nopo to fungsine ngujub teng acara gendurenan?*  
Pada hakikatnya, apa fungsi dari prosesi ngujub dalam kenduri?
7. *Lek gendurenan terus ngujub, wonten syarate nopo mboten damel tiang-tiang sing montrone?*

Dalam acara kenduri, pelafal mantra ngujub ini apakah ada ketentuannya atau semua orang bisa melafalkan?




## Lampiran 2 Transkrip Wawancara 1


### Transkrip Wawancara


Nama : Katino  
 Usia : 55 Tahun  
 Pekerjaan : Petani  
 Alamat : Melaya  
 Hari, Tanggal Wawancara : Sabtu, 28 Januari 2023  
 Waktu Wawancara : 09.00 – 11.12 WITA

No	Pertanyaan	Jawaban
1.	<p><i>Menurute Bapak, asline ngujub niku nopo?</i>            (Menurut Bapak, apa makna dari ngujub?)</p>	<p><i>Ngujub kuwi saktermene kirim dungo. Sopo sing dikirimi dungo? Sing dikirimi ki yo sing ninggal, dayangnge kene, karo sedulur kabeh. Awak e dewe ki yo manut mareng Gusti. Kabeh kuwi mau yo nyuwun nang Gusti ben diparingi selamat sak duluran neng dunyo. Diparingi jembar kubure kangge dulur seng wes ngadep mareng Gusti.</i>            (Ngujub kenduri pada hakikatnya adalah bentuk pengiriman doa. Siapa yang dikirimi doa tersebut? Yang dikirimi doa-doa tersebut terutama arwah yang sudah meninggal, nenek moyang yang menguasai daerah tempat tinggal, dan semua saudara-saudara di dunia. Kita in ikan hamba ya harus patuh sama perintah Tuhan. Semua yang dilakukan selalu mohon kepada Tuhan agar diberi keselamatan untuk semua saudara-saudara di dunia. Dikasih jalan yang terang untuk arwaha-arwah saudara yang sudah meninggal dunia.)</p>
2.	<p><i>Saktermene, nopo harus lek tiang ninggal dingujubne?</i>            (Sebenarnya, apakah harus setiap orang meninggal diupacarai ngujub ini?)</p>	<p><i>Lek awak e dewe ngaku Jowo yo kudu Jawani. Mbah-mbah e mbiyen ninggali adat iki kabeh yo mesti ono maksud lan tujuane. Koyo gendurenan terus ngujub kuwi kan yo ngilingke awak e</i></p>

		<p><i>dewe sing ditinggal lek awak e dewe iki ra ndwe kekuatan opo-opo tanpo restune Gusti. Sing ninggal yo kudune dingjubne, diikrarne, dijalu ke dundo lan tondo poro dulure yo wes Ikhlas mergone yo nyadari kabeh kuwi tekone soko Gusti Allah.</i></p> <p>(kalau kita mengakui bahwa kita orang Jawa ya seharusnya tidak meninggalkan adat-adat Jawa yang ditinggalkan nenek moyang. Nenek moyang meninggalkan tradisi atau adat itu semua ada maksud dan tujuannya. Seperti kenduri yang di dalamnya terdapat prosesi ngujub dimaksudkan untuk menjadi pengingat bahwa kita yang ditinggal terlebih dahulu oleh saudara-saudara kita sejatinya tidak mempunyai kekuatan apapun tanpa adanya pertolongan dari Tuhan. Saudara-saudara yang sudah meninggal ya seharusnya dingjubkan karena ngujub itu bentuk pengikraran dan permohonan doa kepada Tuhan agar diberi jalan yang terang. Selain itu juga bentuk ikrar bahwa saudara yang ditinggalkan sudah ikhlas karena semua itu atas kehendak Tuhan.)</p>
3.	<p><i>Genduren tiang ninggal asline wonten pirang dinten? Montro ngujube nopo sami mawon Pak?</i> (Ada berapa hari untuk memperingati kenduri orang meninggal? Mantra ngujub yanag dibacakan apakah sama?)</p>	<p><i>Gendurenan gawe ngileng-ngileng wong ninggal kuwi akeh maceme, mulai sedino nganti pitung dino. Terus petang puluh, satus, setahun, rong tahun, nyewu kuwi terakhir. Bar nyewu lek ape gawe pengileng-ileng yo ora masalah. Montro ngujube ki yo podo ae. Niate kan podo to intine ki nyuwun dundo.</i></p> <p>(kenduri kematian digunakan sebagai pengingat saudara yang sudah meninggal banyak macamnya, mulai dari hari pertama sampai hari ketujuh kemudian empat puluh hari,</p>



		<p>seratus hari, satu tahun, dua tahun, dan seribu tahun akhir dari wajibnya gelar kenduri kematian. Setelah seribu tahun, jika mau mengadakan kenduri untuk pengingat tidak ada larangan untuk melakukannya. Mantra ngujub yang dilafalkan sama karena pada inti dari pelaksanaan ngujub itu adalah permohonan doa.)</p>
<p>4. <i>Lek ajenge ndamel acara genduren, nopo mawon sing disiapke?</i> (Jika ingin mengadakan acara kenduri, apa saja yang harus dipersiapkan?)</p>		<p><i>Sing kudu disiapke ki yo panggenan, sajen gawe ngujub, maeman gawe poro tamu. Anane genduren kuwi mau yo kudu disiapke mateng-mateng. Ibarate awak e njaluk tulung kan yo wes nyita wektune yo kudune awak e ngewehi berkatan ngono kuwi.</i> (yang harus dipersiapkan meliputi tempat, sesaji yang disajikan pada saat prosesi ngujub, hidangan untuk para tamu. Sebelum menggelar kenduri semua harus dipersiapkan dengan matang. Jika diibaratkan kita kan mengundang orang, meminta bantuan pastinya kan sudah menyita waktunya maka dari itu paling tidak kita memberikan buah tangan)</p>
<p>5. <i>Sesajine sing damel ngujub niku nopo mawon sing harus wonten Pak?</i> (Apakah ada ketentuan hidangan yang dijadikan simbol pada saat pembacaan mantra ngujub?)</p>		<p><i>Lek sajene kuwi ono wajibe. Koyo sego sak lawuhe lengkap. Terus gedang karo jajanan, apem kuwi. Jenang abang putih yo ora oleh lali.</i> (kalau sesaji ada yang diwajibkan. Seperti nasi putih yang lengkap dengan lauk-pauknya. Kemudian pisang dengan kue tradisional seperti kue apem. Bubur merah dan putih juga tidak boleh tertinggal.)</p>
<p>6. <i>Saktemene nopo to fungsine ngujub teng acara gendurenan?</i> (Pada hakikatnya, apa fungsi dari prosesi ngujub dalam kenduri?)</p>		<p><i>Fungsine kuwi yo pasti ora ngilangne budayane awak e dewe. Genduren, ngujub iki kan tinggalane mbah-mbah to yo kudu dijogo ben ra ilang. Tapi yo zaman saiki akeh sing nganggep</i></p>

		<p><i>ngene ki mitos. Padahal yo ora. Terus teko ngujub iki yo gawe sosiale awak e dewe karo dulur, tonggo maleh rumaket to. Utamane yo kuwi ra ngilang-ngilangi budoyo lang awe rumakete sak dulur sak tonggoan.</i></p> <p>(Fungsinya yang pasti adalah tidak menghilangkan kebudayaan. Ngujub dalam kenduri in ikan peninggalan nenek moyang ya memang seharusnya untukm dijaga. Tapi pada zaman sekarang banyak yang menganggap tradisi ini mitos. Padahal sebenarnya tidak. Selanjutnya dari ngujub ini membuat kita lebih bersosial dengan saudara dan juga tetangga. Hubungan yang terjalin semakin erat. Hal utama dari ngujub ini ya tidak mengihalahkan budaya peninggalan nenek moyang dan membuat hubungan antar saudara dan juga tetangga semakin erat.)</p>
<p>7. <i>Lek gendurenan terus ngujub, wonten syarate nopo mboten damel tiang-tiang sing montrone?</i> (Dalam acara kenduri, pelafal mantra ngujub ini apakah ada ketentuannya atau semua orang bisa melafalkan?)</p>		<p><i>Sing moco ngujub iki ra oleh sembarangan uwong. Kudu uwong sing bener-bener ngerti lan paham serto diwarisi karo sing tuwek. Makane ngujub iki ra oleh pisan diwoco lek ra enek sing dingujubne. Teks e yo ra ono mergo kuwi titrisane poro sesepuh sing gelem belajar sing iso ngewarisi.</i></p> <p>(Yang membaca ngujub ini tidak boleh sembarangan orang. Harus orang-orang yang benar-benar mengerti dan paham serta diwarisi dari orang tua. Oleh sebab itu ngujub ini tidak boleh dilafalkan apabila tidak ada yang dingujubkan. Teksnya juga tidak ada oleh karena itu orang-orang keturunan orang tua yang sudah diwarisi dan mau belajar yang bisa melafalkan mantra ngujub ini.)</p>

### Lampiran 3 Transkrip Wawancara 2

#### Transkrip Wawancara

Nama : Selamat Riyadi  
 Usia : 57 Tahun  
 Pekerjaan : Guru  
 Alamat : Melaya  
 Hari, Tanggal Wawancara : Sabtu, 4 Februari 2023  
 Waktu Wawancara : 14.00 – 16.20 WITA

No	Pertanyaan	Jawaban
1.	<p><i>Menurute Bapak, asline ngujub niku nopo?</i>            (Menurut Bapak, apa makna dari ngujub?)</p>	<p><i>Ngujub...Ngujub lek didelok seko asale lan maknane kuwi dungane poro sepuh, poro sedulure dewe sing wes ngadep maring Gusti Allah. Awak e dewe sing ono ning dunyo iki gelar acara ngujub kangge nyuwun mareng Gusti Allah, poro sedulur sing wes ninggal ben diwehi dalam penak nuju suargo. Selain kuwi mau, yo ono roso penghormatan gawe sing nunggoni desone awak e iki. Lek dijukok garis besare ngujub iki yo wujud permohonan lan penghormatan.</i>            (Ngujub...Ngujub jika dilihat dari asal dan maknanya merupakan doa untuk para orang tua, saudara yang sudah menghadap Tuhan (Allah). Kita yang ada di dunia ini mengadakan acara ngujub untuk memohon kepada Tuhan (Allah), agar saudara yang sudah meninggal diberi jalan kemudahan menuju surga. Selain itu, ada juga bentuk penghormatan untuk yang menunggu des aini. Jika diambil secara garis besar ngujub ini merupakan bentuk permohonan dan penghormatan).</p>
2.	<p><i>Saktemene, nopo harus lek tiang ninggal dingjubne?</i>            (Sebenarnya, apakah harus setiap orang meninggal diupacarai ngujub</p>	<p><i>Harus opo nggak e kuwi mau yo kudune ditakokne ning atine dewe-dewe. Lek terahno ngaku anak e wong Jowo yo mestine ngelakoni</i></p>



	ini?)	<p><i>ngujub iki. Ngujub iki ditinggalne mbah-mbah e gawe anak putune ben ra ninggalke adat. Ben ngerti karo tujuane urip lan kehidupan sak wise nok dunyo. Gawe pengiling urip nok dunyo. Opo-opo sing ono dunyo iki mung titipan, kabeh mau yo bakale ditinggalke ora digowo mati. Sing digowo mung amal.</i></p> <p>(Harus atau tidaknya ya seharusnya ditanyakan pada hatinya sendiri-sendiri. Kalau memang mengakui anaknya orang Jawa ya seharusnya menjalani acara ngujub ini. Ngujub ini ditinggalkan nenek-nenek dulu untuk anak cucunya agar tidak meninggalkan adat. Agar tahu dan mengerti sama tujuan hidup dan jalan kehidupan setelah kehidupan dunia. untuk jadi pengingat hidup di dunia. Semua yang ada di dunia ini hanya titipan, semua akan ditinggal tidak dibawa meninggal. Yang dibawa hanya amal).</p>
3.	<p><i>Genduren tiang ninggal asline wonten pirang dinten? Montro ngujube nopo sami mawon Pak?</i> (Ada berapa hari untuk memperingati kenduri orang meninggal? Mantra ngujub yanag dibacakan apakah sama?)</p>	<p><i>Lek montrone gawe ngujubke wong ninggal yo podo wae. Tujuane yo podo to njalukke dungo. Lek gelar gendurene kuwi mau mulai teko geblag e nganti pitung dino. Terus petanag puluh, satus, pendak pisan, pendak pindu, nyewu. Bar nyewu lek arepe ono pengileng yo rapopo digawekke genduren maneh.</i></p> <p>(kalau mantra ngujubny untuk orang meninggal sama saja. Tujuannya ya sama untuk memohon doa. Kalau menggelar acara kenduri kematian dari hari pertama meninggal sampai hari ketujuh, selanjutnya, empat puluh, serratus, setahun, dua tahun, dan seribu hari. Setelah seribu hari kalau mau membuat pengingat boleh diadakan acara kenduri kematian lagi).</p>

4.	<p><i>Lek ajenge ndamel acara genduren, nopo mawon sing disiapke?</i> (Jika ingin mengadakan acara kenduri, apa saja yang harus dipersiapkan?)</p>	<p><i>Lek ape gendurenan sing disiapke yo koyo umume gendurenan ngono. Yo panggonan, yo sajian jajan karo maem gawe tamune. Ojo nganti kelalen sesaji sing digawe ngujub, ono gedang, jajan, sego sak lawuhe karo laine koyo umume ngono kae.</i> (kalau mau menggelar kenduri kematian yang perlu disiapkan ya seperti umumnya acara kenduri. Ya tempat acara, ya sajian kue dan makanan untuk tamu. Jangan sampai lupa sesaji yang digunakan untuk ngujub, ada pisang, kue, nasi sama lauk pauknya sama yang lainnya seperti acara kenduri umumnya).</p>
5.	<p><i>Sesajine sing damel ngujub niku nopo mawon sing harus wonten Pak?</i> (Apakah ada ketentuan hidangan yang dijadikan simbol pada saat pembacaan mantra ngujub?)</p>	<p><i>Sing mesti ono ki gedang, jajan....jajane kui jajan pasar coro wong saiki koyo apem, sumping, jenang abang putih, sego sak lawuhe. Mengko opo sing disuguhke kuwi sing dingujubke. Diceritakke misale sego kuwi sekul suci kangge penghormatan utowo lambange opo... lek pas ngujub dijelaske kabeh. Lek saiki Bapak ra iso jelaskle mergo ra oleh nduk ngujub lek ra ono sing dingujubke.</i> (yang harus ad aitu pisang... kue...kue yang dimaksud kue pasar kalau menurut orang sekarang seperti apem, naga sari, bubur merah putih, nasi sama lauk pauknya. Nanti apa yang disuguhkan itu yang dingujubkan. Diceritakan misalnya nasi itu merupakan nasi suci untuk penghormatan atau lambangnya apa... Kalau pas ngujub semua dijelaskan. Kalau sekarang Bapak tidak bisa menjelaskan karena tidak boleh nak ngujub kalau tidak ada yang dingujubkan).</p>
6.	<p><i>Saktemene nopo to fungsine ngujub teng acara gendurenan?</i> (Pada hakikatnya, apa fungsi dari</p>	<p><i>Lek ngomongke fungsi kui....siji ora ngilangke tinggalane mbah-mbah e. Keloro, teko gendurenan</i></p>

	<p>prosesi ngujub dalam kenduri?)</p>	<p><i>ngujub iki percoyo ra lek gawe tali silaturrahi kejogo. Awakmu reti dewe to lek wes ono genduren tonggone, dulure kabeh do ngumpul. Utamane podo dungo. Bar kuwi mau ngumpul rawuh bareng jagongan. Dadine genduren ngujub ngerti maknane lan ra ngilangke budaya. Nekani gendurenan iso gawe rakete silaturrahi karo tonggo yo poro dulur.</i></p> <p>(jika membicarakan fungsi...satu tidak menghilangkan peninggalan nenek-nenek. Kedua, dari kenduri kematian ngujub ini percaya tidak membuat tali silaturrahi terjaga. Dirimu ngerti sendiri kalau sudah ada akenduri kematian tetangga, saudara semuanya ngumpul. Utama yang dilakukan mendoakan. Setelah itu ngumpul bersama bercengrama. Jadinya menghadiri kenduri kematian mengerti dari maksud ngujub dan juga tidak menghilangkan budaya atau adat. Menghadiri kenduri membuat silaturrahi makin terjaga antara tetangga dan juga saudara).</p>
7.	<p><i>Lek gendurenan terus ngujub, wonten syarate nopo mboten damel tiang-tiang sing montrone?</i> (Dalam acara kenduri, pelafal mantra ngujub ini apakah ada ketentuannya atau semua orang bisa melafalkan?)</p>	<p><i>Sarate gawe wong ngujubke gendurenan sing pas pasti yo kudu tenanan ngerti ning wocoan ngujub kui mau opo. Mulai artine sak tujuane. Wocoan ngujub lek gendurenan iki kan ra ono tulisane to, biasane poro titisane sing biasa ngngujubke salah sijine ono sing diwarisi. Ngerawisne yo teko belajar diceritani dijelaske terus melu-melu gendurenan nganti hafal montro ngujub kuwi.</i></p> <p>(Syaratnya untuk orang yang membacakan ngujub kenduri kematian yang pasti harus mengerti dengan bacaan ngujub. Mulai dari artinya sampai tujuannya. Bacaan ngujub kenduri kematian in ikan tidak ada teknya,</p>

		biasanya keturuanan dari yang biasa membacakan ngujub salah satunya ada yang diwarisi. Pewarisannya dengan belajar, diceritakan, dijelaskan kemudian ikut menghadiri kenduri sampai hafal mantra ngujub).
--	--	---





**Lampiran 4**  
**Mantra Ngujub Kenduri Kematian di Dusun Sumpersari Desa Melaya**  
**Kecamatan Melaya**

Mantra Ngujub Kenduri Kematian di Dusun Sumpersari Desa Melaya Kecamatan Melaya

***Ngujub Kenduri***

Assalamualaikum Warahmatullahi Wabarakatuh

*Nuwun keparengo matur wonten ngersanipun poro rawuh sepuh miwah anem sedoyo. Sak derengipun kulo matur mbok bilih wonten kalepatan atur kulo ing sak mangke kulo nyuwun gonging samudro pangarsami. Sumonggo kulo aturi sesarengan muji Syukur wonten ngersanipun Gusti Allah ingkang Moho Kuaos, ingkang paring kanikmatan karahayon dumateng kito sedoyo. Antawisipun nikmat kesarasan, keimanan soho keislaman sehinggo wekdal meniko kulo lan panjenengan sami saget hangrawuhi punopo ingkang dados jawilanipun Bopo Selamat Riyadi sak kukuban. Bopo Selamat sak kukuban hangaturi rawuh dumateng kulo soho panjenengan sedoyo ingkang sak perlu bade dipun suwuni sawab pandunganipun wilujeng selamat anggenipun bade kagungan hajat kenduri mugu-mugu Gusti ingkang hangaryo jagat tansah maringi keselamatan karahayon mboten wonten alangan setunggal punopo-punopo. Sholawat soho salam mugu kunjuk atur dumateng Gusti kanjeng Nabi Muhammad SAW keluarga soho shohabatipun Abu Bakar, Umar, Usman soho Ali alaihi sholatu wassalam. Dene wekdal meniko kulo kapurih ngikrar aken punopo ingkang dados niat soho hajatipun shohibul bait Bopo Selamat Riyadi wodene wekdal meniko Bopo Selamat Riyadi kagungan hajad injih meniko bade kenduri. Pramilo panjenengan sedoyo dipun aturi nyekseni lan dipun suwuni pandungo wilujeng dumateng Bopo Selamat Riyadi sak kukuban, mugu-mugu asalipun gelar kenduri sodaqohan wonten dalu puniko tansah pikantuk barokah soho rahmat saking Gusti Allah SWT. Ing wekdal meniko Bopo Selamat Riyadi rerakit ubo rampinipun gelar genduri ingkang sampun wonten ngarso panjenengan sedoyo. Sepindah rerakit bubuk abang putih, meniko kangge mbektosi sederekipun Bopo Selamat Riyadi ingkang lahir tunggal sedino, marmarti kakang kawah adi ari-ari sederek sekawan gangsal pancet setih puset. Sederekipun ingkang kerawatan lan sederekipun ingkang mboten kerawatan, sederekipun ingkang lahir medal margo*



*ino soho sederekipun ingkang lahir mboten medal margo ino, soho sederekipun ingkang lahir sareng sedino. Sederekipun ingkang tunggal sakpert6apan sanes panggenan ingkang kadek dasare tuyo dasare bumi. Pramilo dipun bektosi mugimugi maringono pandungo wilujeng sak rintene soho sak dalunipun mboten wonten alangan setunggal puno-punopo. Lan mbektosi sederek ingkang celak tanpo sinenggol tebih tanpo wangenan, mugimugi maringono wilujeng dumateng Bopo Selamat Riyadi sak keluargonipun. Bubur abang putih sebab meniko atur bekti dumateng Kyai Smerobumi soho Nyai Smorobumi, Kaki Danyang soho Nini Danyang ingkang Mbahu Rekso Dusun Summersari kelurahan Melaya mriki. Inkang sak lajengipun Bopo Selamat Riyadi rerakit pisang ayu sekar konyoh gondo arum meniko atur bekti dumateng simbok Kedah ingkang sumare. Pramilo dipun bekteni mugimugi maringono pandungo wilujeng rintene sak ndalunipun mboten wonten alangan setunggal punopo-punopo. Inkang saklajengipun Bopo Selamat Riyadi rerakit sekul suci ulam sari duduh lembaran. Atur bekti dumateng Kanjeng Nabi Muhammad SAW, keluarga soho shohabatipun sekawan inggih meniko Abu Bakar, Umar, Usman soho Ali alaihi sholatu wassalam. Lan atur bekti dumateng Bopo Adam Ibu Howo Bopo Angkoso Ibu Pertiwi lan atur bekti dumateng poro Nabi, poro wali, poro suhada, poro alim ulama, poro mukmin mukminat. Pramilo dipun bekteni mugimugi maringono pandungo wilujeng rintene sak ndalunipun mboten wonten alangan setunggal punopo-punopo. Sebab maleh atur bekti dumateng Kanjeng Nabi Sulaiman alaihi salam ingkang nguasani kutu-kutu, walang, atogo sak lumahing bumi sak kureping langit, pramilo dipun bekteni mbok bilih wonten kirang kalepatanipun anggenipun amragat sato iwen ingkang suku kalih soho sato iwen ingkang suku sekawan mugimugi Kanjeng Nabi Sulaiman kerso amargi pangapunten. Penutupipun Bopo Selamat sekeluargo ngaturaken gung ing pangarsomo anggenipun panjenengan sedoyo sampun disuwuni bantuan anggenipun kintu doa dumateng almarhumah mbah Kedah.*

Terima kasih banyak saya ucapkan kepada para tokoh semuanya baik yang tua maupun muda semuanya. Sebelumnya saya mohon maaf apabila ada kata maupun ucapan, saya mohon maaf yang sebesar-besarnya. Mari kita bersama-sama mengucapkan syukur kepada Tuhan Yang Maha Esa yang telah memberikan

kita semua nikmat keselamatan. Di antaranya adalah nikmat kesehatan, keimanan, dan keislaman, hingga saat ini saya dan para undangan semua masih bisa menghadiri undangan Bapak Selamat Riyadi sekeluarga. Bapak Selamat sekeluarga mengundang kita semua yang tujuannya dimohon untuk memberikan doa selamat dalam hajatan kenduri kematian. Semoga Allah SWT selalu memberikan keselamatan dan ketenangan tidak ada halangan suatu apapun. Sholawat serta salam semoga tersampaikan kepada Nabi Muhammad SAW keluarga serta sahabatnya Abu Bakar, Umar, Usman serta Ali alaihi sholatu wassalam. Saat ini saya akan mengingrarkan niat dari saudara yang memiliki acara yaitu Bapak Selamat Riyadi yang pada kesempatan kali ini Bapak Selamat Riyadi mempunyai hajat untuk melaksanakan kenduri. Dimohon, para tamu undangan sekalian untuk menyaksikan dan mendoakan semoga keberuntungan datang ke Bopo Selamat Riyadi sekeluarga, semoga acara kenduri yang dilaksanakan pada malam hari ini mendapat keberkahan dan Rahmat dari Allah SWT. Saat ini Bapak Selamat Riyadi mempersiapkan segala sesuatunya untuk kenduri yang sudah ada di hadapan hadirin semua. Pertama, rangkaian bubur merah putih, ini untuk leluhur Bapak Selamat Riyadi yang lahir di hari yang sama, menghormati kakang kawah (ketuban) dan ari-ari saudara empat lima pancer darah pusat. Saudara yang diurus dan saudara yang tidak diurus, saudara yang lahir berbeda, saudara yang lahir tidak berbeda, dan saudara yang lahir pada hari yang sama. Saudara yang tinggal serumah di lain tempat yang berhenti sampai di dasar bumi. Sehingga dibekali doa semoga diberi kesehatan siang dan malam tanpa masalah apapun. Dan sebagai saudara yang dekat tapi tidak diundang semoga diberikan permakluman kepada Bapak Selamat Riyadi sekeluarga. Bubur merah putih tujuannya untuk memberi penghormatan kepada yang menguasai bumi, dan penghuni yang menguasai Dusun Sumbersari Desa Melaya ini. Selanjutnya Bapak Selamat Riyadi membuat sesaji dari pisang dan minyak yang harum dihadiahkan untuk menghormati mbah Kedah yang sudah meninggal dunia. Maka dari itu, Bapak Selamat sebagai anak mendoakan siang dan malam agar amalnya diterima dosanya diampuni. Selanjutnya Bopo Selamat Riyadi membuat sesaji nasi putih lauk pauk ikan dan kuah untuk menghormati Nabi Muhammad SAW, keempat sahabatnya yaitu Abu Bakar, Umar, Usman, Ali,

alaihi sholatu wassalam. Dan mendoakan kepada Adam dan Hawa, langit dan bumi, para nabi dan wali, para suhada, para ulama, dan kaum muslimin dan, didoakan siang dan malam agar tidak mendapat halangan. Dan penghormatan diberikan juga kepada Nabi Sulaiman alaihi salam yang memahami bahasa Binatang yang ada di alamini. Maka didoakan, semoga tidak ada kesalahan di dalam mengurus hewan berkaki dua maupun empat dan semoga nabi sulaiman berkenan memberikan maaf. Sebagai penutup, Bapak Selamat sekeluarga mengucapkan terima kasih kepada undangan dalam membantu mendoakan almarhum mbah kedah.

Wassalamualaikum Warahmatullahi Wabarakatuh



**Lampiran 5**  
**Matriks Instrumen Penelitian**

**Matriks Instrumen Penelitian**

No	Fokus Penelitian	Indikator	Sumber Data	Koleksi Data
1	Bagaimanakah proses berlangsungnya kenduri kematian di Dusun Sumbersari Desa Melaya Kecamatan Melaya?	Kenduri kematian	- Bapak Katino - Bapak Selamat Riyadi	- Observasi - Wawancara - Dokumentasi
2	Bagaimanakah struktur sastra lisan mantra ngujub dalam kenduri kematian di Dusun Sumbersasri Desa Melaya Kecamatan Melaya?	Struktur mantra ngujub		- Observasi - Wawancara - Dokumentasi
3	Apa sajakah fungsi sastra lisan mantra ngujub dalam kenduri kematian di	Fungsi mantra ngujub		- Observasi - Wawancara - Dokumentasi

	Dusun Sumbersari Desa Melaya Kecamatan Melaya?			
--	--	--	--	--





Lampiran 6  
Dokumentasi







## RIWAYAT HIDUP



Martin Nur Laela lahir di Banyubiru pada tanggal 9 Maret 2000. Putri ke empat dari pasangan suami istri Bapak Akhmad Riyadhi dan Ibu Aspiyah. Penulis menyelesaikan pendidikan dasar di SD Negeri 1 Tukadaya dan lulus pada tahun 2012. Selanjutnya, penulis melanjutkan pendidikan di SMP Firdaus Negara dan lulus pada tahun 2015. Pada tahun 2018, penulis lulus dari SMA Firdaus Negara dan melanjutkan ke Universitas Pendidikan Ganesha, jurusan Bahasa Sastra Indonesia dan Daerah, Prodi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia. Pada tahun 2023 penulis menyelesaikan Tugas Akhir (skripsi) yang berjudul “Sastra Lisan Mantra dalam Ngujub Kenduri Kematian di Dusun Summersasri Desa Melaya Kecamatan Melaya”.

